# «Жас китапқумар» таңлаўы жəне де ғалаба ен жаяды

Betti PDF ta'rizde ju'klep ali'w (53 Kb) Versiyasi' Betti doc ta'rizde ju'klep ali'w (53 KB)



2018-жыл 12-майда Ҳүрметли Президентимиз тəрепинен Уллы жазыўшы ҳəм ағартыўшыларымыздың бийбаҳа мийрасын, ибратлы турмыслық ҳəм социаллық дөретиўшилигин ҳəр тəреплеме терең үрениў ҳəм үгит-нəсиятлаў, жасларымызды өзликти аңлаў, миллий ҳəм улыўма инсанийлық қәдриятларға ҳүрмет руўхында тəрбиялаў, олардың арасында китапқумарлық мəдениятын кеңнен ғалаба ен жайдырыў мақсетинде «Уллы илимпазлардың, жазыўшы ҳəм ағартыўшыларымыздың дөретиўшилик мийрасын кеңнен үйрениў ҳəм оларды үгит-нəсиятлаў мақсетинде жаслар арасында китапқумарлық таңлаўларын шөлкемлестириў ҳаққында» ғы қарары қабыл етилди.



Қарарда Өзбекстан Баспасөз ҳәм хабар агентлиги, Өзбекстан жаслар аўқамы, Өзбекстан Республиккасы Жоқары ҳәм орта арнаўлы билимлендириў министрлиги, Халық билимлендириў министрлиги, Өзбекстан Жазыўшылар аўқамы, Республикалық Руўхыйлық ҳәм ағартыўшылық орайына белгиленген мүддетте «Жас китапқумар» таңлаўын өткериў тәртиби ҳаққындағы режени ислеп шығыў ҳәм оны белгиленген тәртипте тастыйықлаў ўазыйпасы тапсырылды.




Әҳмийетлиси, қарар менен усы жылғы таңлаўлар Ўатанымыздың тарийхы менен халқымыздың руйхый турмысында салмақлы орын

ийелейтуғын Әбу Райхан Беруний, Әбу Али ибн сино, Мырза Улығбек, Әлишер Наўайы, Заҳириддин Муҳаммед Бабур, Муҳаммед Риза Огаҳий, Бердақ Ғарғабай улы сыяқлы уллы ағартыўшыларымыз дөретиўшилиги, жәҳән әдебиятының ғәзийне шығармалары, сондай-ақ, «Алпамыс», «Гөруғлы», «Кунтуғмиш» сыяқлы халық дәстанлары бойынша өткерилиўи ҳәм жеңимпазларды автомашина ҳәм басқа да баҳалы саўғалар менен сыйлықлаў белгиленген.

Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңесиниң Мәлимлеме хызмети

Sa'ne: 15.05.2018 11:56, ma'rte ko'rip shi'g'i'ldi'